45	I : <u>riyen niku, sepindah nggeh...bapak niku kan riyen sopir, lha niku pas ten Tempel mriko pas istirahat ngoten kan ten warung, nah niku ki kok mripate ngetne nopo-nopo niku kok blar-blur ngoten, mblawur ngoten lo. Kuning ngoten damel ndelok. Dangu-dangu niku kok sing kiri. Terus wangsul gek terus mboten kerjo, pokokmen nopo nggeh, bibar gempa 2006 niku nggeh terus mboten kerjo. Bar niku trus anu...ee..dipriksakke, tensine niku anu 230 stripe 120 darah tinggi. Nggeh namung niku critne sepindah. Trus kaping kalih niku trus dadi trus stroke jalaran maem mi...</u>	
50	P : mi instan nopo?	
55	I : sanes, mi niku lo sing biasane disade kalih bakso sing mi basah niko lo. Sing biasane ten pasar dikiloni niko lo. Niku nek tumbas namung ten warung celak niki, namung setitik nek maem ki dasare nggeh seneng to. Ancen nek dipangan mentah niko rak eco to... <u>nggeh niku bar maem mi niku trus brek mboten saget nopo-nopo. Trus tangi mawon mboten saget</u>	
60	P : sakite niku pun selama pinten tahun niku?	Sakit stroke yang dialami suami awalnya disebabkan oleh darah tinggi dan makan makanan tertentu
65	I : niku...niku trus dipriksakne trus saget	
70		

75	<p>mlampah-mlampah niku. <u>Sakite niku tigang tahunan, nggeh 3 tahun.</u></p> <p>P : trus niku berarti sampun mboten saget nyambut damel?</p> <p>I : nggeh, mboten saget nyambut damel</p> <p>P : niku namung njenengan piyambak ingkang nyambut damel?</p> <p>I : nggeh namung kulo...ee mboten kalih anak kulo sing ten Batam. <u>Kalih dibantu anak kulo sing ten Batam sekedik-sekedik nggeh dikirim ngoten</u></p> <p>P : lha putrane njenengan pinten to bu?</p> <p>I : kulo?</p> <p>P : nggeh</p>	Sakit yang dialami suami informan selama 3 tahun
80	<p>I : <u>kulo niku 4, jaler kalih, setri kalih, kalih ketambahan niko kembar. Dadose 6</u></p> <p>P : niku sing taseh sekolah pinten?</p> <p>I : <u>tigo</u></p> <p>P : sing kembar niku klas pinten?</p>	Ketika suami masih sakit, informan mencari nafkah seorang diri dan dibantu oleh anaknya
85	<p>I : klas sekawan, gek sing masene kelas 2 SMP</p> <p>P : nek saklintune niku, saklintune sing ten Batam niku?</p> <p>I : niku sing nomer kalih pun kerjo 3 tahun</p>	Informan memiliki 6 anak, yaitu laki-laki 2 dan 4 perempuan
90	<p>P : niku estri nopo jaler?</p> <p>I : jaler</p> <p>P : sing menggen ten mriki kalih njenengan pinten?</p> <p>I : <u>gangsal</u></p>	
95	<p>P : berarti sing kesah namung setunggal?</p> <p>I : nggeh, namung setunggal</p> <p>P : lintune niku sing kerjo?</p> <p>I : <u>sing kerjo niku 3 trus sing taseh sekolah 3</u></p>	Informan tinggal bersama kelima anaknya, karena anak yang pertama tinggal di luar kota
100	<p>P : sing ten Batam niku sampun keluarga?</p> <p>I : nggeh, sampun</p> <p>P : saklintune niku dereng keluarga sedoyo?</p> <p>I : nggeh dereng (sambil tertawa)</p>	Ketiga anak informan sudah bekerja dan yang 3 anak masih sekolah
105	<p>P : eee menawi bibar dipun tinggal bapak niku perasaane njenengan pripun bu?</p> <p>I : nggeh pripun nggeh..karang ditinggal bojo..nggeh pripun maleh, nggeh perasaane nggeh....</p> <p>P : pun diikhlasne bu?</p>	
110	<p>I : <u>nggeh, nek pas dereng dangu niko kulo nggeh geton, wah kok dadi ngono...</u></p>	Perasaan sedih saat suaminya belum lama meninggal
115		

120	<p>ngono. Ning dangu-dangu njuk kok <u>nggeh, karang pun dipundut kalih Sing Kuoso, Sing Kagungan..kulo nggeh kulo</u> slamur-slamur <u>ngoten lo. Nggeh dangu-dangu nggeh ical, mbok to sekedik</u> <u>ngoten lo</u></p> <p>P : lha bapak niku ninggale kapan to niku, pun dangu nopo dereng?</p>	Namun, informan telah mengikhlaskan kepergian suami dan lama-lama rasa kehilangan tersebut hilang karena sering diselang seling	
125	<p>I : nggeh dek niko, njeng minggu niku satuse</p> <p>P : berarti sekitar 3 bulan niko nggeh?</p> <p>I : nggeh...<u>sekitar 3 bulan, tanggal 8 niko pun 90 dinten nggeh, satuse nek mboten</u></p>	Suami informan meninggal sekitar 3 bulan yang lalu	
130	<p><u>klinu njeng Kemis nopo Jum'at mbenjing</u></p> <p>P : dadose taseh dereng dangu nggeh?</p> <p>I : <u>nggeh dereng dangu ning kulo nek pas ten nggone ibuk niku kulo slamur-slamur ngoten lo.</u> Kulo kan nggeh pun dangu ten mriku. Karepe konco kulo niku bar 7 dinane bapak niku kulo ken mangkat, nanging <u>nek ibuk pokokmen mbak JR nek rung 40 dinone bapak ora usah mlebu sik, atine ditentremne sik</u> <u>ngoten. Karang nggeh pripun nggeh, Mas Totok dereng lungo soko omah</u> <u>ngoten niku</u></p>	Ketika bekerja, informan berusaha untuk menghibur diri dan mendapat nasehat dari orang tempat dia bekerja agar tidak masuk kerja dulu dan disuruh untuk menenangkan hatinya terlebih dahulu	
135			
140			
145	<p>P : njenengan menyesuaikan diri bibar bapak meninggal niku pripun?</p> <p>I : nek waune niku kulo, nek mulai kerjo ngoten?</p> <p>P : nggeh</p>		
150	<p>I : <u>kulo niku sakderenge bapak mboten wonten niku nggeh pun kerjo, rekane nggeh mbantu-mbantu sitik ngoten. Eee ndilalah kok yo dadi kepala keluarga</u> <u>ngono</u></p>	Informan menjadi ibu rumah tangga sekaligus kepala keluarga sejak suaminya sakit	
155	<p>P : lha perasaane njenengan pas dados orangtua tunggal kalih kepala keluarga niku ripun?</p> <p>I : nggeh pripun nggeh, <u>nggeh berat, ning nggeh mikir nek pun dibantu kalih anak</u> <u>dadose nggeh pun mboten tek berat</u></p>	Informan mengaku merasa berat dengan tanggungjawabnya dan kehidupan saat ini, namun sudah merasa terbantu dengan bantuan	
160	<p>P : berarti sampun mulai saget menyesuaikan diri ngoten nggeh?</p> <p>I : <u>enggeh...ning nggeh tetep tanggung</u></p>		

	<p><u>jawabe nggeh anu to...</u></p> <p>P : eee ingkang ngasih, memberi kerjaan njenengan niku sinten?</p> <p>I : riyen?</p> <p>P : nggeh</p> <p>I : <u>ibuk niku laku nompo catering, lha ibune Mas Rahman niku mriki nawari kulo nek purun nggeh melu ngewangi nyambut damel ten nggene ibuk. Nggeh kulo langsung purun. Nek saget gek mboten repot kulo ken langsung mangkat ngoten. Nah kulo nggeh langsung menyat mangkat ngantos sakniki niku</u></p> <p>P : terus kesehariane njenengan kalih anak-anak niku pripun?</p> <p>I : <u>nggeh sae-sae mawon. Mboten nate kulo niku nganu anak, njuk kulo niku ngroso mesakke ngoten lo kalih anak, rumongso ditinggal bapak'e. Nggeh boten nate njuk kulo uring-uring ngoten.</u> Nggeh biasa-biasa mawon</p> <p>P : lha niku sing ngewangi ngurus adik-adik niku sinten?</p> <p>I : <u>nek sing ngewangi ngurus adik-adik'e sing taseh alit-alit niku mase sing nomer kalih, nggeh nek mangke wonten kekirangan sekedik ngoten nggeh sing Batam niku nggeh mbantu. Nggeh senajan sampaun keluarga ning tetep mbantu setitik soale bapak'e kan pun mboten wonten</u></p> <p>P : pas bapak nembe mboten wonten niko nggeh mriki?</p> <p>I : <u>enggeh, ten mriki niki kalih minggu</u></p> <p>P : dadose pas bapak taseh wonten niku dereng mriki?</p> <p>I : dereng, wong pas bapak niku mboten enten jam setengah 12, jam 2 niku disarekke, nembe dalu jam 9 dugi</p> <p>P : pun mboten komanan bapak'e?</p> <p>I : nggeh pun mboten menangi bapak'e</p> <p>P : eee lha terus kehidupane njenengan sakniki pripun bu raose? Wonten bentene kalih sakderenge bapak ninggal?</p>	<p>yang diberikan oleh anaknya</p> <p>Ada orang yang menawarkan pekerjaan kepada informan saat ia benar-benar membutuhkan bantuan dan informan langsung menyanggupinya dan ia pun bekerja sampai sekarang</p> <p>Informan memperlakukan anak dengan baik dan tidak pernah membentak anaknya karena merasa kasihan telah ditinggal bapaknya</p> <p>Ada anak yang membantu merawat adik-adik, yaitu anak nomor 2. Dan apabila masih ada kekurangan ada anak pertama yang senantiasa membantu informan</p> <p>Anak pertama informan yang merantau sempat datang ke rumah dan menemani ibunya selama 2 minggu ketika bapaknya meninggal</p>
165		
170		
175		
180		
185		
190		
195		
200		
205		

210	I : nggeh biasa-biasa mawon. Nggeh <u>perubahane nggeh niku sok biasane</u> <u>ngladeni bapak'e sakniki mboten</u> , nggeh mek ngoten niku P : sakbibare nembe mawon ditinggal bapak niku wonten kados kepikiran nopo ngoten, nopo stres pripun ngoten? I : enggeh, wonten..... P : wonten kados pikirane niku nopo mawon?	Terdapat perubahan dalam kehidupan informan, diantaranya dulu saat suami masih ada selalu merawat ketika sakit namun sekarang sudah tidak lagi.	
215	I : ngeten, <u>kulo niku nek pas wonten nopo-nopo sing tak jak rembugan sopo...wes ra ono sing tak jak rembugan ngoten to.</u> <u>Sing di jak mikir wes ra ono. Dadine sakniki nggeh dipikir dewe. Mbiyen umpane ngene-ngene tetaren karo bojo.</u> <u>Sakniki pun dipikir dewe sakniki.</u> Ngoten niku P : lha wau kan wonten perubahan-perubahane nggeh, terus permasalahan nopo mawon sing njenengan hadapi?	Selain itu, perubahan yang dirasakan yaitu sudah tidak ada lagi pihak yang diajak diskusi dan berpikir bareng. Dulu misal ada apa-apa selalu tanya pada suami namun sekarang tidak ada orang yang dimintai izin.	
220	I : kalih keluarga niku to? P : nggeh I : nggeh kalih keluarga niku nek riyen masalah kalih bapak niku wonten, <u>wonten masalah kalih anak</u>	Informan memiliki masalah dengan anaknya, yaitu anak yang nomor 4 selalu mabuk-mabukan ketika sekolah dan sempat juga meminum obat terlarang (narkoba) sehingga menimbulkan masalah yang berkepanjangan. Akibat meminum narkoba tersebut, anak itu di bawa ke rumah sakit yang membutuhkan banyak uang padahal kondisi keuangan informan hanya pas-pasan	
225	P : nek masalah kalih anak niku kados pripun? I : <u>nek masalah kalih anak niku, masene sing kembar niku, dek niko sekolah niku sering mabuk-mabuk ngoten lo. Ngoten niku wonten masalah-masalah terus.</u> Bocah niku kan asline sakniki <u>ngoten kudune pun SMA, ning nggeh merger nakal wau gaweane mabuk kalih konco-koncone, mbolos sekolah dadine nggeh mboten munggah kelas. Gek bar niku ten tonggo celak mriki niku dijak ngepil ngasi ntek 25 pil langsung diombe kabeh. Kulo pas niku nembe sholat ten mesjid niki njuk dirangkul soko mburi kalih ngrintih mak..mak.. ngoten. Pun kulo beto mantuk ken kulo turu mboten saget malah lemes sangget niko kalih ngrintih kelaran njaluk dibeto ten rumah sakit njuk diterke kalih tetanggi mriki</u>		
230	I : kalih keluarga niku to? P : nggeh I : nggeh kalih keluarga niku nek riyen masalah kalih bapak niku wonten, <u>wonten masalah kalih anak</u>		
235	P : nek masalah kalih anak niku kados pripun? I : <u>nek masalah kalih anak niku, masene sing kembar niku, dek niko sekolah niku sering mabuk-mabuk ngoten lo. Ngoten niku wonten masalah-masalah terus.</u> Bocah niku kan asline sakniki <u>ngoten kudune pun SMA, ning nggeh merger nakal wau gaweane mabuk kalih konco-koncone, mbolos sekolah dadine nggeh mboten munggah kelas. Gek bar niku ten tonggo celak mriki niku dijak ngepil ngasi ntek 25 pil langsung diombe kabeh. Kulo pas niku nembe sholat ten mesjid niki njuk dirangkul soko mburi kalih ngrintih mak..mak.. ngoten. Pun kulo beto mantuk ken kulo turu mboten saget malah lemes sangget niko kalih ngrintih kelaran njaluk dibeto ten rumah sakit njuk diterke kalih tetanggi mriki</u>		
240			
245			
250			

255	ten PMI ternyata PMI mboten saget <u>nangani njuk kulo beto ten PKU mriko.</u> Ten mriko sedino sewengi trus enjinge kulo beto mantuk. Lha bengine pas kulo turu dioglek-oglek digugah ternyata njaluk ten PKU malih. Lha nembe dibeto mantuk kok wes njaluk mbalik malih. Rumangsane moro ora nganggo duit opo... lha mbarang pun mantun kan wau sekolahe mboten munggah, kulo kengken medal mawon njuk kulo lebokne ten MTs celak mriki daripada nek tetep ten sekolah wau malah mabuk- mabukan malih kalih koncone mending kulo pindah. Nah kalih guru MTs niku mboten angsal nerusne kelas 3, kudu mbaleni kelas 2 soale wong pun angsal rapot abang wau to mergo sering nek mbolos. Nggeh ngoten niku pun mugi- mugi saget mantun	
260	P : lha njenengan ngadepi masalah anak ngoten wau pripun? I : nggeh pripun nggeh, <u>nggeh tetep kulo</u> <u>gelar kulo gulung ngoten lo. Mboten</u> <u>kulo gawe sepaneng banget ngoten lo.</u>	Informan menghadapi masalah dengan berusaha untuk tetap tenang dan tidak mau berfikir terlalu berat (tidak mau menjadi bebani)
265	P : ngoten niku pernah diseneni? I : nek lare mabuk, diseneni mangke malah marai muntab ngoten, pun kulo sabarke mawon. Kulo mboten nate nyeneni anak ngantos pripun ngoten mboten nate kulo	
270	P : menawi masalah lintune kados keuangan ngoten? I : <u>nek masalah keuangan ngoten, nggeh</u> <u>karang kulo mergawe dadose nggeh</u> <u>cukuplah setitik-titik sedinane saget</u> <u>damel ngliwet ngoten</u>	Masalah yang dialami informan adalah masalah ekonomi, yaitu berada dalam kondisi pas-pasan (menengah ke bawah)
275	P : nggeh ngoten mawon bu, matur suwun sanget nggeh? I : nggeh mboten nopo-nopo	
280		
285		
290		
292		

Verbatim Wawancara Informan 2

Nama	:	Ibu JR
Usia	:	49 tahun
Alamat	:	Ambarcketawang, Gamping , Sleman, Yogyakarta
Pekerjaan	:	Serabutan
Pendidikan Terakhir	:	SD
Hari/Tanggal wawancara	:	Senin, 13 Februari 2012
Waktu	:	18.40-19.30 WIB
Lokasi wawancara	:	Rumah informan
Tujuan wawancara	:	mengetahui permasalahan yang dihadapi informan, bentuk-bentuk dukungan sosial yang diterima, serta pengaruh dukungan sosial terhadap kehidupan informan sebagai orangtua tunggal perempuan
Jenis Wawancara	:	Semi Terstruktur
Wawancara ke-	:	2 (dua)

P: Pewawancara

I : Informan

KODE : W2

Baris	Uraian Wawancara	Analisis
1	P : Assalamu'alaikum bu...mriki maleh I : wa'alaikumsalam, monggo mbak...man mlebet mriki. Mboten nopo-nopo	
5	P : ajeng nerasaken ingkang wingi bu, saget nopo mboten? I : nggeh mbak monggo	
10	P : nggeh...eee menawi angsal tanglet niki njenengan gadah masalah nopo mawon bu, wonten nopo mboten? I : masalah...	
15	P : nggeh nopo masalah kalih anak, kalih tiyang, nopo masalah ekonomi ngoten? I : eee masalah kalih anak niku...misale pripun nggeh?	
20	P : nggeh umpamine niki masalah kalih anak nggeh, nggeh niku kados mboten kepenak kalih anak ngoten. Lha menawi masalah ekonomi niku nggeh niki lo butuhe kathah. Kados ngoten niku lo... I : eee lha <u>nek masalah kalih anak kulo niku</u> <u>nggeh pripun nggeh...nggeh enten</u> <u>gandenge kalih masalah ekonomi nopo</u> <u>kulo niku. Lha pripun nggeh nek kulo</u>	Masalah ekonomi yang dihadapi informan mempengaruhi masalah yang lain, yaitu merasa

25	<p><u>ngurus-ngurus keluarga dewe, kulo ki nek anak sitik-sitik mbantu ngoten niku nggeh mboten kepenak dewe to kulo niku, karang yo anak ki yo nduwe butuh dewe. Kulo niku nggeh wonten roso mesakne jane ki. Lha tapi pripun maleh karang nggeh kepepet...nggeh masalahe nggeh niku wau.</u></p> <p>Karang yo kepekso anak wes nyambut gawe terus kondisine mbokne ngeten niki kahanane nggeh pripun maleh ngeten. Kepekso kulo tampi nek anak nguwei niku jane yo mesakne</p>		tidak enak hati dan kasihan terhadap anaknya yang telah membantunya dalam keuangan karena anak informan sudah berkeluarga dan mempunyai kebutuhan sendiri yang harus ditanggung. Meskipun begitu informan tetap menerima bantuan itu karena terpaksa melihat kondisi ekonominya sendiri yang pas-pasan. Itu menjadi gejolak hati pada informan.
30			
35	P : perasaan njenengan pas gadah masalah ngeten niku pripun bu? I : <u>perasaane nggeh pripun nggeh...mboten penak kulo kalih anak niku wau</u>		
40	P : terus menawi pas wonten masalah ngeten niku pripun nggeh caranipun njenengan mengatasi masalah ngeten niku? I : <u>yen ngatasi masalah niku, nggeh niku ming, nek pas wonten keributan ngoten niku to, eee lha pripun malih wong kulo niku nek wonten nopo ngoten sambate nggeh namung kalih anak'e...perasaane nggeh pripun malih</u>		Informan mengatasi masalah dengan meminta bantuan kepada anaknya dan didiskusikan dengan anaknya karena ia merasa sudah tidak ada lagi orang yang diajak ngobrol selain anaknya setelah suaminya meninggal, namun terkadang jika menghadapi suatu masalah juga dibicarakan dengan adiknya
45			
50	P : misalkan njenengan wau wonten masalah niku njenengan atasi piyambak nopo dipun rembug? I : <u>nggeh pripun nggeh, nek kulo ajeng rembug dewe kulo nggeh mboten saget nek ngatasi to...nggeh kepekso kulo nggeh kalih anak. Nek pripun-pripun nggeh rembugan kalih anak. Nek niko nggeh kalih bapak'e, lha sakniki kan pun mboten wonten bapak'e niku kulo nggeh tetep rembugane kalih anak</u>		
55			
60	P : menawi saklintune kalih anak ngeten sinten ingkang dijak rembugan? I : <u>nggeh kadang-kadang kalih adik kulo.</u> Karang nggeh saktunggale mangke nek mboten dijak rembugan, nek wonten kesalahan ngeten kan mangke nggeh mboten kepenak. Nek peparengan kalih dulur kulo nggeh ngeten niku		
65	P : eee menawi sederek-sederek ingkang celak ten mriki ngeten wonten bu?		

70	I : saking bapak'e niki namung setunggal niki, nggeh wonten niku kange P : pinten omah niku sederek'e? I : sederek kandung nopo saking bapak? P : sederek kandung nggeh, saking bapak nggeh...	
75	I : <u>nek kandung niku namung Mbak Tini</u> <u>niku kalih mase Mbak Tini niku. Dadine</u> <u>mase bapak'e niko sing ngajeng mesjid</u> <u>mengetan, nek mriki dugi mengetan niku</u> <u>nggeh taseh sae niku</u>	Ada saudara yang tinggal berdekatan dengan informan, yaitu adik dan kakak dari suami serta masih ada saudara yang lain lagi yaitu sekitar 5 rumah
80	P : taseh kathah? I : nggeh tasih kathah P : sekitar pinten tiyang niku?	
85	I : sedoyone...setunggal, kalih, tigo, sekawan, gangsal. <u>Sedoyone gangsal</u> <u>griyo</u> P : kathah nggeh? I : enggeh, <u>taseh sederek niku, sae</u>	
90	P : trus menawi hubungan njenengan kalih tetanggi di sekitar mriki niku pripun? I : dadine kulo niku mboten wonten masalah nopo-nopo P : nggeh sok sering ngumpul sareng nopo mboten ngoten niku?	
95	I : nggeh...nggeh <u>menawi pas kempalan</u> <u>ngoten niku nggeh sareng-sareng ngoten</u> P : lha nek menawi hubungan kalih saudara saking bapak niku pripun? I : nggeh sae-sae mawon...lha ajeng golek masalah nopo to (ambil tertawa). Lha mangke nek wonten nopo-nopo ndak ketok mboten sae. Lha entok'e nopo ngoten niku... <u>kadose kulo mboten wonten</u> <u>masalah nopo-nopo kalih sederek niku</u>	Jika ada kumpulan, informan sering datang untuk berkumpul bersama dengan tetangga
100	I : nggeh sae-sae mawon...lha ajeng golek masalah nopo to (ambil tertawa). Lha mangke nek wonten nopo-nopo ndak ketok mboten sae. Lha entok'e nopo ngoten niku... <u>kadose kulo mboten wonten</u> <u>masalah nopo-nopo kalih sederek niku</u>	Hubungan informan dengan saudara juga baik dan tidak memiliki masalah dengan mereka
105	P : menawi sederk'e njenengan ingkang sering dolan mriki ngoten wonten? I : sing sering sok dolan mriki...nggeh mboten mesti wong kulo nggeh jarang ten griyo to	
110	P : lha biasane sing sok dolan mriki? I : <u>nggeh kadang deng pas nopo niku...pas</u> <u>metuk lare TPA ngoten nggeh sok</u> <u>ngumpul ten mriki nggeh kalih crito-crito</u> <u>ngoten niku</u>	Terkadang banyak orang yang datang ke rumah informan untuk sekedar ngobrol dan bercerita
115	P : nggeh...menawi bantuan ngoten niku	

	njenengan nggeh sok angsal nopo mboten? I : nggeh P : bantuan nopo mawon niku, saking pundi mawon? I : <u>saking PKPU niku, terus saking pokokmen nate saking pengajian ten kabupaten ngoten niku</u> P : pengajian nopo bu niku? I : pengaosan kados damel yatim piatu ngoten niku lo P : damel adike sing SD niku? I : enggeh, <u>niku pas bapak'e mboten wonten niku trus kulo angsal undangan niku dipun daftarné niku</u> P : sing ndaftarné sinten niku? I : <u>niku riyen Bu Erwan tetanggi mriki nggeh namung tunggal se RW ten mriki</u> P : terus ingkang wira-wiri ngurusi niku sinten? I : wira wiri... P : nggeh biasane kan nek ngurus pendaftaran ngoten niku kan nggeh wira-wiri ngurusi syarat-syarat ngoten niku? I : niku mboten damel ngoten niku, <u>mung niko diomongi, mbak...mangke dinten niki tanggal niki njenengan kalih putrane kasuwun ten kabupaten, nggeh mangke nglempake ten pundi ngoten. Namung ngoten niku langsung</u> P : berarti ingkang ngasih informasi niku wau Bu Erwan niku? I : enggeh Bu Erwan niku. Namung ngoten niku riyen P : menawi bantuan ingkang lintune wonten? I : lintune... <u>nggeh sok kadang Pak Erwan niku dolan mriki kalih nyaosi</u> P : nopo? I : santunan ngoten niku P : terus nopo malih? P : nggeh kadang pak... <u>nggeh sering Pak Basyar. Mangke nek saking mujahadahan ngoten sok nate mriki mangke ngasih santunan ngoten niku</u> P : taseh wonten malih nopo mboten? I : kadose namung niku	Informan mendapatkan bantuan dari PKPU dan bantuan berupa santunan dari pengajian khusus anak yatim dan yatim piatu. Informan mendapat bantuan tersebut selepas suaminya meninggal dunia dan diberi informasi serta undangan oleh tetangganya. Dalam hal ini, informan dibantu dimudahkan dalam mendapatkan santunan.
120		
125		
130		
135		
140		
145		
150		
155		Selain dari yayasan dan lembaga, informan juga mendapatkan bantuan santunan dari tetangga-tetangganya (perorangan)
160		

	P : menawi selain santunan kados tetanggi sekitar mriki niku? I : tetanggi mriki niku kadose mboten kadose. <u>Namung mboten dangu niki perumahan ngajeng niki sak caket niku nggeh dalu-dalu mriki nggeh maringi anak kulo noten niku. Nggeh ken damel jajan ngoten niku</u>	
165	I : tetanggi mriki niku kadose mboten kadose. <u>Namung mboten dangu niki perumahan ngajeng niki sak caket niku nggeh dalu-dalu mriki nggeh maringi anak kulo noten niku. Nggeh ken damel jajan ngoten niku</u>	
170	P : menawi bantuan saksanesipun santunan wonten? I : kadose nggeh namung niku wau P : nek misalkan sederek-ederek mriki ngoten nggeh sami maringi mboten?	
175	I : mboten P : ooo mboten? I : nggeh mboten P : eee bantuan kados santunan wau niku dalam bentuk uang nopo wonten lintune?	
180	I : arto P : kados seragam ngoten? I : mboten, namung arto P : menawi beras sembako niku angsal nopo mboten?	
185	I : angsal, <u>nek sembako niku tiap wulan</u> P : namung sembako niku? I : nggeh P : eee menawi sikape tiyang-tiyang sekitar mriki terhadap njenengan nikun pripun?	Informan juga mendapatkan bantuan sembako setiap bulannya
190	I : <u>sikape niku nggeh kados sae-sae mawon. Soale kulo niku mboten nate pripun-pripun kalih tonggo ngoten lo dadine niku nggeh biasa-biasa mawon</u>	Sikap orang-orang di sekitar baik terhadap informan karena tidak pernah membuat ulah negatif dalam masyarakat
195	P : nggeh....menawi tiyang ingkang celak, ingkang njenengan percoyo niku wonten bu? I : <u>nggeh wonten</u> P : sinten bu?	
200	I : <u>nggeh sederek piyambak sing dipercoyo</u> P : biasane nek dijak crito ngoten? I : eee <u>nggeh crito-crito ngoten. Nek nggen crito-crito ngoten nggeh sok kalih Mbak Nanik ngoten niko</u>	Informan memiliki orang yang dekat secara emosional dan dapat dipercaya ketika diajak cerita dan membicarakan suatu hal, di antaranya adalah saudara-saudaranya sendiri
205	P : lha menawi ingkang dipercoyo kados wau niku maksude dipercoyo dalam hal nopo bu? I : dipercoyo....	

	P : nggeh tiyang wau lo, tiyang ingkang njenengan percados... I : ha <u>nggeh umpami nek dijak rerembug niku laku gampang dijak rerembug ngoten lo</u> P : oo nggeh...terus tiyang-tiyang ingkang perhatian kalih njenengan niku sinten mawon bu? I : <u>kadose nggeh kathah ngoten niku</u> P : tetanggi enggeh? I : enggeh P : terus ngoten niku bentuk perhatiane kados pripun?	
210	I : <u>perhatiane nggeh misalkan nek kulo gadah kerepotan ngoten niku to, nggeh mangke sami kruyuk-kruyuk mriki. Gese rak nggeh wonten perhatiane kalih tonggo ngoten to...</u> P : menawi ingkang saking sederek, perhatiane kados punopo? I : ha nggeh sami	Banyak orang yang perhatian terhadap informan, misalkan ketika ada acara atau kerepotan selalu ada tetangga yang membantunya
215	P : terus wau niku pas njenengan crito-crito ngoten nggeh dipun kasih nasehat nopo arahan ngoten? I : <u>nggeh kadang kulo nggeh sok diarahke ngoten</u> P : misale arahan kados punopo?	
220	I : <u>misale kulo crito ngoten mangke diarahke pripun ngoten, nggeh namung mbenerke ngoten</u> P : wonten ingkang mbimbing njenengan, sakniki? I : kadose mboten	
225	P : misalkan kalih anak ngoten biasane ngeten lo ngeten bu...dipun arahne kalih anak ngoten? I : saking anak...nek kalih anak niku kadose nggeh anake kulo ngoten niku mboten nate nganu kulo... biasa-biasa mawon ngoten	
230	P : misalkan njenengan gadah keputusan... gadah krentek ati ngoten niku lo nopo damel tindakan ngoten niku dipun dukung nopo mboten kalih tiyang-tiyang?	Informan selalu mendapatkan tanggapan setiap kali ia bercerita berupa saran maupun arahan
235	I : maksude kalih anak? P : nggeh kalih anak, kalih sederek, nopo	
240		
245		
250		

255	I : <u>enggeh, nek umpami kinten-kinten kulo niku gadah krentek niku bener nggeh didukung nggeh kalih anak, kalih tetanggi ngoten, nek bener-bener ngoten...nek</u> Apabila mempunyai keinginan ataupun ketika membuat suatu keputusan yang baik dan benar, informan selalu mendapatkan dukungan baik dari anak maupun tetangga sekitar. Namun jika keputusannya tersebut dirasa kurang tepat maka tidak akan didukung. Selain itu, informan juga merasa tidak pernah dibandingkan dengan orang lain.	
260	P : terus menawi tiyang-tiyang niku mbandingke njenengan kalih tiyang lintune ngoten pernah nopo mboten? I : <u>kulo dibanding-bandingke...kadose kok mboten nate niku</u> . Lha pripun kulo niku mboten nate ten pundi-pundi e...kulo niku pun cuek mawon ngoten niku. Nggeh pun luwehlah nek wonten nopo-nopo niku mboten nate kulo kompori ngoten lo, nggeh kono-kono. Lha pripun nek kulo wangsul saking kerjo ngoten nggeh langsung ten ngomah. Mboten nate anu kalih tonggo dadine nggeh mboten dibanding-bandingke	
265	P : lha ingkang ngrewangi njenengan pados nafkah ngoten wonten? I : <u>sing ngrencangi kulo...saben dintene... nggeh kulo nggeh anak kulo sok mbantu sekedik-sekedik</u>	Informan dibantu oleh anaknya yang pertama dan ke dua dalam mencukupi kebutuhan sehari-hari meskipun hanya dibantu sedikit
270	P : niku kalih-kalihipun? I : nek sing setunggale mboten, mboten mesti. <u>Nggeh namung niki sing nomer kalih niki. Nek sing pun keluarga niku, gandeng sakniki pun keluarga niku nggeh nek pun benten, mboten kados pas riyen pas taseh piyambak, nggeh wonten bentene</u>	
275	P : niku nggeh mesti maringi? I : nggeh mboten saget dipestekke niku nggehan	
280	P : nek pas mriko gadah ngoten? I : nggeh nek pas mriko gadah mangke nggeh ngirim ngoten	
285	P : nggeh...eee menawi nek pas njenengan sakit ngoten ingkang ngrawat sinten? I : <u>nggeh anak-anak kulo niku to</u>	
290	P : sanese? I : <u>sanese nggeh anak kulo sing ageng. Kulo niku sok sambat ngoten niku nggeh kalih</u>	Apabila informan sakit maka yang merawat adalah anak-anaknya
295		

300	<p>anak, lha sinten malih. Nggeh namung <u>kalih anak</u></p> <p>P : pernah sakit nopo bu?</p>	
305	<p>I : kadose kulo niku mboten nate krosok-kroso ngoten. Sehat-sehat mawon. Nggeh alhamdulillah kulo niku mboten nate kulo niku</p> <p>P : nek tiyang-tiyang di sekitar mriki niku nggeh sok sering mbantu ngurus-ngurus nopo ngoten niku?</p>	
310	<p>I : <u>mbantu...tanggi-tanggi mriki...nggeh nek kulo gadah damel ngoten niku nggeh mbantu-mbantu ngoten</u></p> <p>P : lha saking putrone njenengan niku ingkang mbantu-mbantu resik-resik omah nopo masak ngoten wonten?</p>	Tetangga di sekitar sering membantu informan apabila ada acara
315	<p>I : <u>wonten, Mbak Lina niku mbak'e kembar niku sing nomer tigo</u></p> <p>P : biasane ngrewangi nopo niku?</p>	Dalam urusan pekerjaan rumah, informan dibantu oleh anaknya yang ke tiga. Dibantu bersih-bersih rumah dan terkadang juga dibantu memasak. Namun untuk urusan mencuci pakaian dilakukan sendiri oleh informan, baik mencuci pakaiannya sendiri maupun pakaian semua anaknya
320	<p>I : <u>ngrewangi nggeh mek resik-resik niku, lha mangke nek misale kulo selak kesusu kerjo gek niku kerjone mlebet siang ngoten mangke kulo pasrahi ken masak, iki lo ngko dimasak ngoten, yo ngoten niku.</u> Tapi nek pun resik-resik ngoten nggeh kadang kulo tumbas mateng ngoten niku</p>	
325	<p>P : nek ngewangi ngumbahi ngoten?</p> <p>I : nek nyuci...nek nyuci niku biasane nggeh mek kulo piyambak</p>	
330	<p>P : sedoyo niku, mase mbak'e niku sedoyo?</p> <p>I : enggeh, nggene anak kulo sedoyo niku sing nyuci kulo piyambak</p>	
335	<p>P : oalah, mbendinten niku?</p> <p>I : nggeh mbendinten. Mangke nek enjing kulo nyuci nggeh mangke sonten ngoten kulo nyuci. Nggeh kadang nek enjing kulo nyuci, mangke sonten kulo nggeh nyuci malih ngoten. Tandu-tandu terus ngoten lo</p>	
340	<p>P : lha nopo mboten pernah ngewangi nyuci ngoten?</p> <p>I : mboten mesti, sing mesti niku nggeh ngewangi resik-resik wau</p>	
345	<p>P : terus wau bantuan-bantuan ingkang njenengan tampi wau ngoten niku kinten-</p>	

	kinten saget meringankan bebane njenengen nopo mboten? I : <u>nggeh</u> P : kados pripun niku?	
350	I : <u>nggeh saumpami anak sambat mak</u> <u>tumbasne sepatu ngoten niku gandeng</u> <u>anak pun angsal bantuan nggeh niku wau</u> <u>damel tumbas sepatu, damel tumbas</u> <u>buku... nggeh pokokmen damel</u> <u>kebutuhan lare kulo ngoten niku lo. Lak</u> <u>nggeh iso ngenteng-ngentengi wong tuane</u> P : eee sumber-sumber bantuan niku wau saking pundi mawon?	Informan merasa bahwa berbagai bantuan yang diterimanya dapat membantu meringankan bebannya
355		
360	I : ha nggeh niku wau saking rombongan pengajian anak yatim niku wau, terus riyen kalih nggen kantor PKPU niku P : PKPU niku nopo, bantuan kados nopo?	
365	I : <u>bantuan wujud arto nggehan, riyen pun</u> <u>nate angsal niku khusus kangge ibu</u> <u>tangguh ngoten lo, belanja gratis ngoten</u> niku P : niku dugi sakniki?	Bantuan selain santunan juga pernah diterima informan, yaitu dalam wujud belanja gratis bagi ibu-ibu tangguh (orangtua tunggal perempuan) yang diperoleh dari bantuan tetangganya untuk memasukkan informan dalam daftar ibu tangguh yang diajukan kepada yayasan atau lembaga yang bersangkutan
370	I : <u>nganu, sing ngejokne niku riyen Mas</u> <u>Anton</u> P : lha niku ingkang ngejokne ten mriko sinten?	
375	I : <u>nganu, sing ngejokne niku riyen Mas</u> <u>Anton</u> P : tetanggi mriki? I : enggeh P : niku pegawai mriko nopo?	
380	I : enggeh pegawai mriko P : niku dipun sanjangi wonten bantuan ngoten? I : niku namung pilihan kok niku P : kulo kinten nek ngagem ndaftar ngoten I : mboten, namung pilihan niku. Ndilalah sing kepilih nggeh kulo P : lintune niku wonten malih nopo mboten kados SPP nopo nopo ngoten?	
385	I : <u>nek SPP anak kulo niki bebas</u> P : ingkang... I : ingkang SD, sing SMP niku tetep mbayar P : berarti sing SMP niku mboten angsal bantuan? I : <u>angsal keringanan</u> P : pinten niku bu?	Anak informan yang paling kecil juga mendapatkan bantuan bebas biaya SPP dari sekolah dan anak yang ke empat juga mendapat keringanan pembayaran
390		

		uang gedung yang diperoleh dari usahanya dalam mencari informasi mengenai keringanan tersebut
395	<p>I : <u>donge niku damel uang gedung ngoten lo.</u> <u>Donge niku sak yuto pinten ngoten lo, lha kulo ken mbayar gangsalatus kalih doso</u></p> <p>P : kok saget angsal niku pripun bu?</p> <p>I : <u>lha kulo ngejokke keringanan</u></p> <p>P : njenengan ngertose niku saking pundi?</p> <p>I : <u>lha kulo nggeh tanglet-tenglet ngoten lo</u></p> <p>P : tanglet kalih?</p>	
400	<p>I : tanglet kalih tanggi kulo</p> <p>P : wonten sing sekolah ten mriku nggehan?</p> <p>I : nggeh wonten. Lha niku kulo gadah surat ngge keringanan niku kalih surat kemiskinan niku. Damel surat tidak mampu niku. Ndilalah kulo angsal keringanan niku, nek SPP niku tetep semanten</p>	
405	<p>P : keringanane namung uang gedung niku wau?</p>	
410	<p>I : nggeh</p> <p>P : menawi njenengan ajeng tindakan ngoten niku ingkang ngeterne sinten bu?</p> <p>I : niko kulo nggeh sok tindak piyambak</p> <p>P : nitih motor ngoten?</p>	
415	<p>I : mboten, nggeh nyepedah</p> <p>P : lha mboten diterne ngoten?</p> <p>I : lha nek anak kulo sami kerjo, nggeh kulo piyambak</p>	
420	<p>P : lha menawi pas pengajian ten kabupaten?</p> <p>I : ooo niku rombongan</p> <p>P : saking deso mriki?</p>	
425	<p>I : <u>mangke misale saking dipendet tiyang kalih nggeh dipendet tiyang kalih, lha mangke kumpule kalih penguruse ngoten niku ten kecamatan, trus mangke dibeto penguruse wau ten kabupaten sareng-sareng</u></p> <p>P : kathah bu?</p>	Untuk pergi ke Kabupaten mengahdiri pengajian anak yatim, informan dijemput oleh pihak yayasan dan kemudian berangkat bersama orang-orang yang juga mendapatkan bantuan itu
430	<p>I : nggeh kathah, wong dugi pinten-pinten kecamatan kok niku. Anak yatim kalih anak yatim piatu</p>	
435	<p>P : niku batas waktune sampek kapan, batas waktune angsal bantuan niku? Nopo ne mangke pun SMP pun mandek?</p> <p>I : duko nggeh kulo nggeh dereng ngertos. Namung wektu bapak'e mboten wonten niko kulo terus angsal niku</p>	

	P : niku tiap bulan nopo? I : mboten wong namung niku tok njuk semriki dereng wonten malih P : niku nggeh setunggal-setunggal aksal sedoyo? I : nggeh...nek niko sing PKPU niko kulo <u>namung ken ten nggene penguruse niku</u> <u>kulo aksal arto kalih alat sekolah</u>	Bantuan dari PKPU berupa uang tunai dan peralatan sekolah untuk anaknya. Ada juga sumber bantuan yang lain, yaitu dari yayasan anak yatim dan yatim piatu yang disalurkan oleh saudara informan
440	P : nek bantuan selain materi niku saking tiyang mriki nopo bu? I : <u>kulo aksal bantuan saking anu....saking</u> <u>paklike mantu kulo sing Purwokerto niku</u> <u>ning kerjone ten Jakarta</u>	
445	P : niku nopo? I : arto, niku ditransfer tiap wulan P : niku saking nopo bu? I : saking kantor anak yatim ngoten niku. Ning nggeh niku wau anak kulo sing ten Batam niku ngomong nek artone niku ming dinggo keperluan sekolah adik'e niku sing kembar niku. Ha nggeh pripun- pripun sing dibantu nggeh larene	
450	P : misalkan njenengan sayah ngoten niku wonten sing mijeti nopo mboten? I : <u>wonten</u> P : sinten bu? I : <u>niku sing kembar niku nek dalu-dalu niku</u> <u>kulo kesel nggeh nok aku ki mbok diidek-</u> <u>idek nok ngoten</u>	Informan mendapatkan pelayanan dari anaknya. Jika merasa lelah, informan dipijit dan misalkan merasa pusing, informan dibuatkan minuman oleh anak-anaknya yang paling kecil
455	P : nggeh purun? I : purun, nggeh kalih niku kalih-kalihe P : diladeni? I : <u>nggeh saumpami kulo mumet ngoten</u> <u>nggeh sing ndamelke wedang nggeh anak</u> <u>kulo kalih sing kembar niku wau. Nggeh</u> <u>niku sing ngladeni</u>	
460	P : sampun saget dikengken? I : nggeh sampun P : kok kadose sepi terus niki mboten pernah rame nopo? I : niki nggen kulo niki?	
465	P : nggeh I : <u>nek niku sing kembar niku nggeh dolan</u> <u>mawon niko, gek masene niku nek dereng</u> <u>maghrib nggeh dereng mantuk, terus sing</u> <u>sekolah niko nggeh namung dolan ten</u>	Anak-anak informan sering keluar rumah baik untuk bermain ataupun bekerja sehingga jarang
470		
475		
480		

485	<p><u>nggene rencang, njuk sing mbak'e niku sing nomer tigo nek enjing nggej kerjo mantuke dalu niku rak nggeh pun...</u></p> <p>P : lha rencang-rencange lare-lare niku nopo mboten pernah dolan mriki?</p>	berada di rumah. Oleh karena itu, rumah informan sering sepi	
490	<p>I : nggeh sering, nek siang ngoten neh sok dolan mriki nggeh belajar ngoten nopo sok main nopo...lha mangke nek dalu nggeh sok belajar bersama kalih rencange</p> <p>P : ngoten...eee kegiatane njenengan niku mbendintenen nopo mawon bu?</p>		
495	<p>I : kegiatane kulo ten nggriyo?</p> <p>P : nggeh</p>		
500	<p>I : nggeh kegiatane ten griyo niku nggeh namung nyapu, nyuci, masak, nggeh kalih ngurusi lare-lare niku wau</p> <p>P : lha nyambutdamele niku bendinten nggeh?</p>		
505	<p>I : bendinten</p> <p>P : mboten pernah leren?</p> <p>I : nggeh kulo libure namung nek pas wonten acara, nek kulo trah nopo pas wonten keperluan sanese ngoten kulo nembe taren kalih ibuk prei ngoten</p>		
510	<p>P : angsal nggeh bu ngoten niku?</p> <p>I : nggeh angsal</p> <p>P : njenengan pernah nyuwun bantuan ten mriko?</p>		
515	<p>I : bantuan nopo?</p> <p>P : nggeh misalkan kalih ibuk'e wau menawi ajeng utang nopo pripun ngoten?</p> <p>I : oo <u>nggeh diparingi. Upami kulo gadah keperluan sing sekirane penting kulo nggeh matur kalih ibuk. Sambate nggeh kalih ibuk</u></p>	Ada orang yang bersedia meminjamkan uang apabila informan membutuhkan pinjaman, yaitu majikan tempat informan bekerja dan tetangganya	
520	<p>P : nggeh diparingi?</p> <p>I : nggeh diparingi, nanging nggeh terbatas</p> <p>P : nek tetanggi ngoten nggeh wonten bu ingkang purun ngampili ngoten?</p>		
525	<p>I : <u>nggeh wonten, ning nggeh sakperlune kalih sak mampune kulo mangke nyaaur.</u></p> <p>Lha mangke nek kathah-kathah kulo mboten saget nyaaur pripun...</p> <p>P : njenengan pernah ribut kalih anak nopo mboten?</p> <p>I : <u>nggeh pernah</u></p>	Informan mengaku	

530	P : ribut ngoten merger nopo? I : <u>nggeh jenenge lare jaman sakniki nggeh...</u> <u>nggeh sok nakal ngoten lo, misale nek</u> <u>sing cah wedok dolan kalih cah lanang</u> <u>ngoten nggeh kulo omongi. Nggeh ngoten</u> <u>niku sok ribut dilit, bar niku nggeh mpun</u>	pernah ribut dengan anaknya karena masalah kecil. Namun keributan yang terjadi hanya sebentar dan tidak berlangsung lama	
535	P : mboten pernah dangu? I : Mboten, paling ngoten niku nggeh gek meneng mboten nate dangu-dangu kulo niku		
540	P : lha kalih lintune ngoten njenengan pernah nopo mboten ribut? I : eee <u>wonten kalih tiyang ngajeng masjid</u> <u>niku. Nggeh namung setunggal niku kulo</u> <u>niku. Niko ki tiyange mendel mawon</u> <u>kalih kulo, lha kulo kan nggeh mboten</u> <u>ngertos masalahe niku nopo ngoten lo</u>	Informan mempunyai masalah dengan tetangganya, yaitu masalah tidak saling menyapa antara satu sama lain meskipun informan mengaku bahwa ia tidak tahu persis apa masalah yang tengah terjadi antara dia dan tetangganya bahkan sampai saat ini setelah suaminya meninggal masih tetap seperti itu.	
545	P : lha kok saget mendel ngoten niku lha tenopo e ? I : asale kulo niku riyen, anak kulo sing kembar pas jamane taseh alit-alit niku rak kulo nggeh dereng kerjo lah. Trus kulo kan mboten nate medal-medal ngoten lo. Lha kulo niku dikinten ngelokne de'e, muni nek omah disobo wong, di anu wong kok mboten angsal ngoten lo. Kulo dikiro ngoten niku padahal kulo ki mboten ngoten niku. Dadine salah paham		
550	P : lha niku dugi sakniki nggeh taseh ngoten niku? I : kalih kulo? P : nggeh		
555	I : kalih kulo taseh mendel ki nggehan P : lha semenjak bapak mboten wonten niku nopo taseh?		
560	I : nggeh taseh P : lha niku pripun menawi njenengan gadah hajat ngoten niku, nopo nggeh mboten mriki?		
565	I : mboten, ning nggeh pripun-pripun karang nggeh tonggo nggeh kulo tetep ken ngundangi. Perkoro mriko ajeng mriki nopo mboten terserah ngoten. Penting kulo pun ngundangi		
570	P : tapi pernah menghadiri nopo mboten? I : mboten		
575			

	P : nek njenengan wonten nopo-nopo ngoten mboten pernah ngertos? I : lha nggeh, nggeh ngoten niku P : menawi lintune kalih niku wonten malih nopo mboten? I : mboten, nggeh namung setunggal niku. Kulo nggeh mboten ngertos masalahe ngoten lo kulo niku P : eee bibar bapak mboten wonten niku njenengan pernah gadah kados pikiran sepaneng ngoten bu? I : <u>nggeh nek radi sediluk niko nggeh enggeh</u> P : pikiran sepaneng ngoten amargi nopo? I : <u>nggeh niku wau, nggeh sinten malih nek kulo niku waune nopo-nopo wonten sing dijak tetarenan, nek enek masalah anak nggeh rembugan masalah anak, dipikir wong tuo kalih wong tuo. Njuk sakniki bapak pun mboten wonten nggeh pripun kulo, nggeh bingung kulo sinten sing tak jak rembugan ki sopo ngoten to kulo niku. Njuk sakniki niku malih nglamut ngoten lo njuk sepi mboten wonten bapak'e niku, nggeh ngroso kesepian. Nggeh werni-werni sing kulo pikir, donge sing dijak omong-omong pun mboten wonten</u>	
580		
585		
590		Informan sempat mengalami beban psikologis sepeninggal suaminya. Ia merasa bahwa sudah tidak ada lagi orang yang dapat diajaknya bicara serius, berpikir bareng, ngobrol-ngobrol, dan yang dimintai izin yang dulunya dengan suaminya. Informan merasa kehilangan sosok suami yang selalu menemaninya. Oleh sebab itu setelah suaminya meninggal, informan merasa kesepian. Namun demikian, informan tidak mau memikirkan hal yang berat karena takut akan sakit dan merasa kasihan kepada anak-anaknya
595		
600		
605		
610		
615	P : lha nek pas kepikiran ngoten niku saget berpengaruh ten fisik nopo mboten? I : <u>mboten, ming kulo gelar kulo gulung ngoten. Mboten kulo pikir sepaneng banget, lha mangke nek kulo sepaneng trus ambruk rak nggeh mesakne anak kulo</u> P : maksude digelar digulung niku pripun? I : maksude nek mikir niku lo nggeh dipikir nggeh sok diculke ngoten lo maksude ki, mboten tek sepaneng banget. Mangke nek sepaneng-sepaneng banget ndak kulo njeglek malah...	
616	P : nggeh...eee nggeh ngoten mawon bu suwun wekdale I : nggeh	

Verbatim Wawancara Informan 2

Nama	: Ibu JR
Usia	: 49 tahun
Alamat	: Ambarketawang, Gamping , Sleman, Yogyakarta
Pekerjaan	: Serabutan
Pendidikan Terakhir	: SD
Hari/Tanggal wawancara	: Selasa, 14 Februari 2012
Waktu	: 17.00-17.30 WIB
Lokasi wawancara	: Rumah informan
Tujuan wawancara	: mengetahui bentuk-bentuk dukungan sosial dan sumber dukungan sosial serta memperkuat informasi yang telah diperoleh sebelumnya
Jenis Wawancara	: Semi Terstruktur
Wawancara ke-	: 3 (tiga)

P: Pewawancara

I : Informan

KODE : W3

Baris	Uraian Wawancara	Analisis
1	P : assalamu'alaikum I : wa'alaikumsalam, monggo mbak mlebet	
5	P : nembe wangsl nopo bu? I : enggeh mbak, niki wau saking pengaosan ten masjid P : pengaosan nopo bu?	
10	I : pengaosan rutin niku lo, pendak dinten seloso P : ooo ngoten to	
15	I : enggeh, pripun mbak? P : niki lo ajeng ngobrol malih menawi njenengan kagungan wekdal I : oo nggeh, mboten ajeng nopo-nopo kok niki P : eee nggeh, menawi njenengan niku gadah tiyang ingkang bener-bener dipercoyo nopo mboten?	
20	I : tiyang sing dipercoyo...kulo percayo kalih tiyang ngoten maksude? P : nggeh I : <u>nggeh wonten</u>	Informan memiliki orang yang dipercaya, yaitu saudara, terutama saudara dari pihak suami karena sudah dekat dengannya.
25	P : sinten niku bu? I : kadose sederek P : sederek saking? I : <u>sederek saking bapak</u>	

	P : niku sampun celak banget? I : <u>nggeh celak</u> P : celak'e kados punopo? I : <u>saumpani wonten rembag-rembag ngoten nggeh mangke dipikir sareng-sareng ngoten niku</u> P : biasane ngoten niku nglempak ten pundi? I : nggeh kadang kulo moro ten tiyang sing dipercoyo ngoten, kadang nggeh mriko sing mriki ngoten	Informan sering membicarakan sesuatu yang penting, dipikirkan dan diputuskan bersama
30	P : trus biasane ingkang njenengan suwuni pertolongan niku sinten? I : <u>sing kulo jaluk'i pertolongan, ingkang celak kalih kulo nggeh sederek wau, nggeh namung sederek</u>	Orang yang dimintai pertolongan pertama kali adalah saudara dekat. Kemudian dari pihak lain adalah tetangga
35	P : nek tetangi ngoten biasane nggeh wonten nopo mbotten? I : <u>nek tanggi niku nggeh wonten</u>	
40	P : trus eee njenengan niku merasa daados bagian penting niku biasane kalih sinten bu? I : bagian penting...ten keluarga niki?	
45	P : enggeh, maksude njenengan niku merasa dibutuhaken kalih lintune ngoten niku lo. Nopo ingkang biasane nyadarne njenengan nek Mbak JR niku saget mbantu kok, ngoten niku	
50	I : <u>nggeh sederek saget, tanggi nggeh saget</u> P : terus ingkang biasane mbantu njenengan saksampunipun suami meninggal sinten, sing biasane nopo-nopo tiyang jaler ngoten niku?	
55	I : misale mbantu pripun nggeh? P : nggeh misale mbantu ndandani omah nopo mbantu nopo ngoten	Orang yang menyadarkan bahwa informan memiliki kelebihan dan dapat membantu orang lain adalah saudara dan tetangganya. Begitu pula orang yang menghargai, memberi saran maupun nasehat, menenangkan hati dan biasanya membantu informan saat dibutuhkan adalah saudara dan tetangga.
60	I : <u>ooo nek niku paling-paling nggeh sederek nggeh tanggi</u> P : biasane njenengan niku saget terus terang, blak-blakan niku kalih sinten?	
65	I : <u>nek niku kulo kalih tonggo nanging delok-delok sing kulo jak omongan ngoten.</u> P : ngoten niku tonggo ingkang pripun? I : <u>nggeh tonggo sing cerak, sing kiro-kiro tiyange niku saget nyidem rahasia ngoten lo.</u>	Namun untuk terbuka pada orang yang diajak
70		

	P : ndelok-delok nggeh? I : ha nggeh, ndelok-delok sinten sing kulo jak omongan ngoten, lha mangke nek sembarang wong sing tak jak crito malah nggeh pripun ngoten wau P : terus niku wau, tiyang ingkang bener-bener saget menghargai njenengan niku sinten mawon? I : <u>tanggi...nggeh tanggi mawon nggeh delok-delok tiyange ngoten</u> P : mboten sedoyo ngoten nggeh? I : nggeh mboten P : saklintune niku wonten? I : <u>sanese niku nggeh tanggi nggeh sederek</u> P : ingkang maringi saran-saran, nasehat ten njenengan niku? I : <u>sing nasehati kulo niku nggeh tetanggi</u> P : ingkang diajak curhat? I : nggeh tanggi P : misalkan njenengan dalam keadaan tertekan pas wonten masalah ngoten sing ngredem, sing ngedem-ngedemi ngoten niku? I : <u>ngoten niku biasane tetanggi</u> P : lha sederek ngoten niku nggeh sok ngertos nopo mboten? I : nggeh sederek nggeh sok ngertos P : nggeh sok ngedem-ngedemi ngoten? I : <u>nek sederek niku nggeh kadang nggeh sok nganu...ngandan-ngandani ngoten to, nggeh sok mendel ngoten</u> P : nek ngedem-ngedemi ngoten kados pripun bu? I : <u>nggeh ngandani</u> P : eee ingkang saget nrima njenengan apa adanya ngoten niku wonten? I : <u>nggeh tanggi, tanggi niku sing nopo nggeh...lahir batin mboten wonten nopo-nopo ngoten lo</u> P : ingkang sampun celak? I : nggeh P : dadose kiwo tengen mriki? I : enggeh P : nah misalkan njenengan gadah kesalahan ngoten ingkang maringi saran ken memperbaiki ngoten sinten, sing nuturi	bicara terus terang, informan mempercayakan hanya pada tetangga yang dekat dan dapat menyimpan rahasia dan tidak pada sembarang orang
75		
80		
85		
90		
95		
100		Orang-orang di sekitar menenangkan hati informan dengan cara menasehati
105		
110		Orang yang dapat menerima informan apa adanya adalah tetangga yang secara lahir dan batin tidak memiliki beban apa-apa
115		

